

BAB V

KACINDEKAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran nu geus didésripsikeun dina Bab IV, wacana humoris dina buku komik *Lamsijan* karya Ayi R. Sacadipura diulik tina jihad pragmatik. Aya tilu hal anu patali jeung polah ucap humoris dina éta komik *Lamsijan* téh, nyaéta (1) wanda polah ucap humoris; (2) fungsi polah ucap humoris; jeung (3) prinsip polah ucap humoris.

Wanda polah ucap humoris kabagi jadi tilu rupa nyaéta, (1) Lokusi, (2) Ilokusi, jeung (3) Perlokusi. Dumasar kana data anu geus dianalisis ngeunaan wanda polah ucap humoris, lakuning gawé atawa ilokusi jadi wanda polah ucap anu panglobana. Hartina dina data wacana komik *Lamsijan* karya Ayi R. Sacadipura leuwih kana komunikasi antar pribadi anu mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal, sarta ngandung unsur humor di jerona.

Fungsi polah ucap humoris dipasing-pasing jadi opat rupa nyaéta, (1) fungsi komisif, (2) fungsi impositif, (3) fungsi ékprésif, jeung (4) fungsi asértif. Dumasar kana data anu geus dianalisis, kapanggih fungsi komisif téh mangrupa fungsi anu panglobana. Hartina dina data wacana komik *Lamsijan* karya Ayi R. Sacadipura leuwih kana komunikasi antar tokoh loba omongan anu ngedalkeun tawaran jeung pertanyaan, sarta ngandung unsur humor di jerona.

Dina prinsip polah ucap humoris nu dibagi jadi dua bagian nyaéta prinsip gawé bareng, jeung prinsip kasopanan. Prinsip gawé bareng dipasing-pasing jadi 4 maksim diantaranya (1) maksim kuantitas; (2) maksim kualitas; (3) maksim rélevansi; jeung (4) maksim cara. Nu loba kapanggih dina prinsip gawé bareng ieu nyaéta maksim rélevansi, hartina omongan dina data wacana anu dianalisis rélevan atawa saluyu jeung topik anu keur dibahas. Dina prinsip kasopanan dipasing-pasing jadi 6 diantaranya (1) maksim kawijaksanaan; (2) maksim katumarima; (3) maksim pangcocog; (4) maksim kasimpat; (5) maksim balabah; jeung (6) maksim handap asor. Dina prinsip kasopanan, maksim kawijaksanaan jadi maksim anu panglobana

kapanggih, hartina omongan dina data wacana anu dianalisis nuduhkeun ayana komunikasi anu méré kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ngeunaan wanda polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung prinsip polah ucap humoris dina komik Sunda *Lamsijan*, tangtu aya sababaraha rékoméndasi sangkan ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui kalawan leuwih hadé, anu satuluyna bisa ngabantu dina prosés panalungtikan, saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtik séjén anu nalungtik wacana humoris, hususna dina média komik. Dipiharep supaya panalungtikan satuluyna bisa nambahan tiori séjén, pikeun ngajembaran analisis jeung meunangkeun hasil analisis anu mundeul.

Kadua, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi kontribusi dina kamejakaran kajian linguistik jeung pragmatik dina média komik. Panalungtikan kahareupna bisa ngalegaan obyék, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan wacana humoris dina iklan di *TV*.